Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 24 (7425)
30 Июнь 2020 сон
Талат
sadovoduns@yandex.ru
Багъа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Районалъул депутатазул Собраниялъул заседание



25 июналда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда букIана районалъул Собраниялъул заседание. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, Собраниялъул пред. М. Юсупов, ТИКалъул пред. А. Расулов, правовияб суалалда хурхун администрациялъул бетIерай специалист У. Бартыханова, районалъул депутатал.

Къойил темаялде росун рукIана гьадинал суалал: РФялъул Конституциялда гьарулел хиса-басиял, гьеб къабул гьабиялде хIадурлъи, гьаркьал кьолел участкабазда бугеб хIадурлъи, районалда санитариябгун эпидемиялъул нормаби цIуни, «Унсоколо район» МОялъул Уставалда хиса-басиял, тIадежураял гьари.

Гьениб гьабураб жиндирго кIалъаялда А. Расуловас бицана цебе бугеб РФялъул Конституциялде росарал хиса-басиязул, гьеб къабул гьабиялъе тIобитIулеб ТIолгороссиялъул гьаркьал кьеялъул тадбиралде районалда гьабун бугеб хIадурлъиялъул. Бихьизабуна гьаркьал кьеялъе кинабго хIажатабщинаб чIезабун бугин ва гьел кьей 25 июналдаса I июлалде щвезегIан ине ругин.

У. Бартыхановалъ гьенибго лъазабу на районалъул Уставалда гьарурал хиса-басиялги тIадежураялги ругин. Гьел заседаниялда лъикIаб гIахьаллъигун къабулги гьаруна.

Ахиралда кIалъазе рахъарал ГI. НурмухIамадовас, М. Юсуповас депутатал ахIана гьаркьал кьеялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабизе.

## ТIаде къабул гьаруна



Араб анкьалда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас тIаде къабул гьаруна гIадамал. Аслияб къагIидаялъ гьезул суалал рукIана социалияб гIумроялда хурхун, рукIа-рахъиналъе шартIал чIезари, хIалтIудалъун хьезари гIадал.

Муниципалитеталъул бетIер щивасухъ кIвар кьун гIенеккана, гьабсагIаталда хIалтIулеб Россиялъул Законалда рекъон гьел тIуразе рагIи кьуна. Цо-цоязул суалал бакIалдаго тIурана

## Пайдаяб дандчIвай

Гьал къоязда районалде вачIун дандчIвай букIана РДялъул экономикаялъул министрасул зам. ГI. ГIабдурахIмановасулги, районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасулги. Гьенир гIахьаллъана замал ГI-М. МухIамадов, М. ХIамзатов, Хъ-М. ГIабдулхаликъов, районалъул Собраниялъул пред. М. Юсупов, аппарат управлениялъул нухмалъулей П. ГIалиева, ТИКалъул пред. А. Расулов, «ЕИС» МБУялъул нухмалъулев ХI-М. ГъазимухIамадов.

Данделъиялда тIадчIей гьабуна РФялъул Конституциялда гьарулел хиса-басиязда, гьелъие гьаркьал кьеялъул, РДялда экономикаялъул министрасул



зам, Унсоколо районалда гьаркьал кьеялъе вугев куратор ГI. ГIабдурахIмановас салам кьуна дандчIваразе, лъикIаб къимат кьуна ГI. НурмухIамадовасул бетIерлъиялда гьабулеб хIалтIуе, гьелъухъ бетIерасе баркала загьир гьабуна. Гьединго бихьизабуна РФялъул Конституциялде тIаде гьарулел поправкаби нилъер гIадамазул гIумроялъулаб даража борхиялъе аслияб фактор ккоилан.

Ахиралда ГI. НурмухIамадовас баркала загьир гьабуна ГI. ГIабдурахIмановасе рахъ ккуралъухъ ва районалъе гIоло гьабулеб хIалтIуе кумек гьабуралъухъ.

## ВКСалъул режималъул данделъи



29 июналда Дагъистан республикаялъул БетIер В. Васильевас видеоконференциялъул режималда тIобитIана Оперативияб штабалъул данделъи. Гьениб аслияб кIвар кьуна коронавирусалъул инфекция республикалда нахъеги тIибитIиялдаса цIуниялъул, добе-гьанибе гьеб боси букIунгутIиялъул суалазде.

Унсоколо районалъул рахъалдасан гьенир гIахьаллъана муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадов, гьесул замал Хъ-М. ГIабдулхаликъов, М. ХIамзатов, ГI-М. МухIамадов.

Данделъиялда кIвар буссинабуна Дагъистаналда бугеб эпидемиологияб хIалалде, гьелъие чIвараб гIорхъи бахъиялъул кIиабилеб этапалде рачIиналде.

В. Васильевас ракIалде щвезабуна I5 июналда бахъанин тIоцебесеб этап, гьелдаса хадуб гIемерал предприятиязул хIалтIиги рукIалиде ккезабунин.

Коронавирусалъул унтуда тIадчIей гьабулаго В. Васильевас лъазабуна жакъа республикаялъул киналго хъулухъаз бихьизабулеб бугин республикалда ахIвал-хIал лъикIлъун букIин, гIодобе кколеб буго унтаразул къадар, лабораториял цIех-рехал къокълъулел руго, унтаразул койкаби чIороголъулел руго,-ян.

Муниципалитетазул нухмалъулездехун В. Васильевас хитIаб гьабуна культуриял бакIал, мажгитал ва цогидалги рагьизе бегьиялъул.

Совещаниялда бетIерай санитарияб врачалъ тIадчIей гьабуна республика хIадурлъизе бегьулин цIуна-къаялъул хадусел этапал рахъиялде,-абун.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 24 (7425)
Талат
30 Июнь 2020 сон

2 гьумер

Дагъистаналда гIуцIана анкьабилеб ахIиялъул цIияб жамгIияб палата. Дагъистаналъул БетIер В. Васильевас ва Халкъияб Собраниялъ тасдикъ гьаруна I5 чиясдасан палатаялъе рихьизарурал кандидатал. Бихьизабизин, регионалияб жамгIияб палатаялде гьоркьоре уна 45 чи. Гьезул состав бищула щибаб лъабго сонидасан.

Комиссиял хIалтIуда

# Ришватчилъи гьукъиялъе



Араб анкьалда райадминистрациялда тIобитIана ришватчилъиялде данде чIеялъул комиссиялъул заседание.

Къойил темаялде росун рукIана гьадинал суалал:

I. Ришватчилъиялъул хIужабазда хурхун райадминистрациялде рачIарал гIарзабазул халгьаби.

2. Унсоколо районалъул бюджет тIубазабулаго хъаравуллъиялъулаб хIалтIи гIуцIи. Муниципалитеталъул бюджет тIубаялъул хIалтIуда хурхун бачIараб информация къватIибе кьей.

3. Ришватчилъиялде данде чIараб хIалтIи лъай кьеялъул учреждениязда гьабулаго гьаризесел тадбирал.

4. МОялъул учреждениязда 2020 соналъул I5 январалда комиссиялъ гьабураб хIукмо тIубаялъул рахъалъ гьаризесел хIалтIабазул расчетазулал листал кьей.

ГIадамазул гIарзазул ва гIарзабазул анализ гьабун данделъиялда бицана администрациялъул управлениялъул ва аппаратальул нухмалъулей П. ГIалиеваль. Жиндирго кIалъаялда гьелъ тIадчIей гьабуна араб соналда райадминистрациялде гIадамаз рачIанин 274 гIарза, 3 гIарзги, гьезухъ букIине кколедухъ балагьанин. Балагьулаго гьезул цо гIарза батана кьучI гьечIеб. Аслияб къагIидаялъ гIарзал рукIана рукIа-рахъиналъул, чIолел бакIазул, материалияб кумек гьабиялъул, хIалтIуда лъеялъул, ришватчилъиялда хурхарал гIарзал рукIинчIо.

Финансовияб отделалъул нач. Ж. Шамсудиновас жиндирго кIалъаялда бицана районалъул бюджеталда хадуб хал кквеялъул къагIидаби районалда цIунун ругин, районалъул газеталдасан, сайталдасан гьеб къватIибе кьолеб бугин.

Районалъул лъай кьеялъул отделалъул инструктор-методист М-ХI. ГIабдурахIмановас тIадчIей гьабуна лъай кьеялъул учреждениязда ришватчилъи лъугIизабиялъе гьабулеб бугеб хIалтIуда.

Ахиралда гIенеккана счетнияб палатаялъул пред. ГI. Насрулаевасухъ. Гьес кIвар буссинабуна учреждениял организациязул бухгалтерал хIалтIулел бакIазда рукIине ккелде, гьезухъе расчетниял листал кьеялъул.

Данделъиялда ГI. НурмухIамадовас хIукмо гьабуна рачIарал гIарзал, гIарзаби хIисабалде росиялъул таблица гьабизе, гьенир рукIинаризе гьел рачIараб къо, бетIергьабазул цIарал, гIадамазе кьурал жавабал.

# Саназде рахинчIезул- тIалаб



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул конференц-залалда тIобитIана саназде рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ комиссиялъул заседание. Гьеб нухда бачана комиссиялъул пред., хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ бетIерасул зам. М. ХIамзатовас.

Данделъиялда гIахьаллъана администрациялъул юрист У. Бартыханова, комиссиялъул вед. специалист П. НурмухIамадова ва комиссиялъул членал.

Къойил темаялде босун букIана пандемиялъул заманалда саназда рахинчIезда гьоркьоб гьабураб хIалтIул суал, хIисаб кьуна лъимал цIуниялъул къоялде НВФялъул гIахьалчагIазул лъималазулгун гьабураб хIалтIул, балагьана гьелда хурхарал протоколазухъ. Гьел суалазул бицана М. ХIамзатовас. Гьес бихьизабуна коронавирусалъул заманаялъ гьеб суал тIубазе санагIат букIинчIого къо нахъ бахъун букIанин.

КIалъазе яхъарай лъай кьеялъул отделалъул инструктор-методист Загьраъ НурмухIамадовалъ кIвар кьуна лъималазе ВатIан бокьиялъул тарбия кьеялъул тадбир тIобитIанин 3 июналда видеоконференция режималда. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана НВФялъул членазул лъимал гурелги лъай кьеялъул учрежденияздаса 98 чи,-абун.

Данделъиялда Россиялъул ОМВДялъул ПДНалъул Унсоколо районалда вугев инспектор Ш. ГIумаровас рагIи кьуна саназде рахинчIел лъималазе тарбия кьеялъе эбелинсуе кумек гьабизе бугин.

Ахиралда хIукму гьабуна захIматал гIолилазда гьоркьоб тIадчIараб хIалтIи гьабиялъе ва бичIчIи кьей кутаклъизабиялъе. Гьенибго М. ХIамзатовас бихьизабуна комиссиялъул хIалтIи хадубккун бачине бугин цебе букIараб режималда,-абун.

# Аппаратальулаб совещание



29 июналда ГI. НурмухIамадовас тIобитIана аппаратальулаб совещание. Къойил темаялда букIана ЕГЭ кьеялде хIадурлъи, гьеб тIобитIи, COVID – I9 ялъул, объектал раялъул, росдал магIишаталъул,налогазул, гьелдаго цадахъ транспорталде рачIаразул, финансированиялъул, культураялъул, ЖКХялъул ва цогидалги. ГI. НурмухIамадовас цIехана ЕГЭ кьеялде бугеб хIадурлъиялъул, гьел тIоритIулел къоязулги.

Данделъиялда ГI. НурмухIамадовас бицана объектал раялъул, Унсоколо росулъе лъим бачин гIадаб, Шамильхъала поселокалъул насосалъул станциялъул, гьенибего газ бачиналъул, Рихьуни, Майданскиялъул, Унсоколо спортзалазул, гьединго Шамильхъалаялъул штраф стоянкаялъул, ГьаракIуни подпорнияб къед гьабиялъул, лъазаруна росабалъ проектал гьарун лъугIун ругищали, бихьизабуна гьел къабул гьариялъе комиссия гIуцIе,-ян.

Совещаниниялда бицана районалда пайдаяб куцалъ унел ругин росдал магIишаталъул хIалтIаби, бакIарун буго 4 азарго тонна лъикIаб качествалъул ахбазан. Гьенибго бетIерас цIехана кинаб къиматалда районалда ахбазан бичулеб буге бали.

Хер бециялъул суалалда тIад чIолаго бихьизабуна 5 азарго тонна бецун бугин бихьизабуна.

# Росабазул бутIрулги гIахьаллъун



29 июналда «Унсоколо арйон» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас тIобитIана росабазул бутIрулги ахIараб данделъи.

Къойил темаялда рукIана гьал хадусел суалал; ралел бакIазул объектаздаса цIуна-къаялъул режималъул кIиабилеб этап бахъи, налогазул, ракьал ва буголъи хъваялъул, генпланазул, Россиялъул Федерациялъул Конституциялда гьарурал хисабасиязе гьаркьал кьеялъул.

Данделъиялда кIалъарав ТИКалъул председатель А. Расуловас бутIрузул кIвар буссинабуна I июлалъ гьаркьал кьеялъул аслияб къо бугин, бихьизабуна гьеб тадбир гIуцIадго ине кколинги.

Ахиралда ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна этапазулаб къагIидаялъ режималъул къагIида бахъулеб бугони, киналго цIодорго рукIине кколин, жидерго ва гIагаразул сахлъи цIуниялъе гIоло,-абун.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 24 (7425)
Талат
30 Июнь 2020 сон



**ХIалтIулаб сапаргун Дагъистанаде вачIана Минобороналъул бетIерасул зам. Тимур Иванов, гьевгун дандчIвана А. Здунов. ТIадегIанав чиновникасул сапаралъул мурад буго РФялъул МОялъул заседаниялда гIахьаллъи. Гьединго гьев щвезе вуго Каспийскиялда, Дербенталда, Бабаюрталда рагьарал медцентразде.**
**Тимур Иванов гIахьаллъизе вуго республикаялъул нухмалъиялъул хIасилазулаб совещаниялда**



Медиказул хIакъалъулъ - рагIи

# ГI МухIамадовалъе - тIадегIанаб цIар



Унсоколо районалъул централияб больницаялъул бетIерай врач ккола ракI лъикIай, гIакъилай, сверухъ бугелъе битIун къимат кьун бажарулей, гIадамазе лъикIлъиялъе ракI кьезе барахщуларей гIадан. ХIакъикъаталдаги гьединай йикIине ккола врач ва нухмалъулев, хьулгун гьединазухъ балагьулелъул нус-нус унтул гIазабалъукь ругел гIадамал.

Тохтурасул махщел буго бищунго хIажатаб, гьел гьайбатал гIадамазухъ буго щивасул гIумро. ГIумро абуни щивасул буго цо.

Чан чIахIиязул ва лъималазул гIумро хвасар гьабураб ГIайшатица, гьанже медиказул насихIатчIужулъунги йикIун инсанлъиялъулабгун сахлъи цIуниялъул иш районалда цебетIеялъе квербакъи гьабулеб буго гьелъ.

I980 соналда Дагъистаналъул мединститут ги лъугIизабун ячIана ГIайшат МухIамадова гIагараб районалъул больницаялде хIалтIизе. Байбихьуда махщел камиллъиялъе Буйнакск шагьаралда ординатураги лъугIизабуна гьелъ.

ХIалбихьиги бугей, гIадамасул хIалги бичIчIулей врач гьей йикIин загьирлъана коронавирусалъул пандемия къезабулаго. Рукъги жийгоги кIочон кьеркьана гьей ва коллектив унтигун. Дагъистаналдаго лъикIазул кьеразулъ чIезабуна тохлъукьего тIаде бачIараб унтуда данде кьеркьолаго районалъул больница. Нилъер врачазул хIалбихьиялда хадур рачIана цогидал районаздасагун шагьараздасацин врачал, рачIана гьеб заманалда ГIайшатил коллективалъул хIалбихьи лъазабизе. Москвалдаса бачIараб комиссиялъгицин цIакъго лъикIаб къимат кьуна больницаялъул пандемиялде данде гьабулеб хIалтIуе. Гьедин бихьана ГI. МухIамадовалъул унго-унгояб ракI унтараб хIалтIи. Гьал къоязда гьелъие кьуна «РДялъул мустахIикъай врач», -абураб хIурматияб цIар.

23 июналда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, администрациялъул цо-цо хIалтIухьабигун щвана Унсоколо росулъ бугеб поликлиникаялде ГIайшат МухIамадовалда тIадегIанаб шапакъат баркизе.

Рохалилаб дандеръи рагьулаго ГI. НурмухIамадовас ракI-ракIалъ баркана ГI. МухIамадовалда мустахIикъаб цIар, гьединго тIолабго коллективалда баркана гьал къоязда букIараб медицинаялъул хIалтIухъанасул къоги. Гьес бихьизабуна захIматал шартIазда врачаз-медхIалтIухъабаз жидеего бугеб хIинкъиялде рачIинчIого хвасар гьарунин ракIалдаго гьечIого тIаде бачIараб, сабаб лъалареб унтудаса гIадамал. БетIерас тIадчIей гьабуна больницаялда кибго букIинчIеб гIадаб гIуцIиялъулаб ахIвал-хIал чIезабун букIанин унтул заманаялъ абун. Бажари бугей гIуцIарухъан, лъикIай специалист ГIайшат МухIамадовалъул бажариялъул хIасил кколин гьеб,-ян бихьизабуна гьес.

Роха-хинлъиялъул тадбиралда ГI. НурмухIамадовас хIалбихьи ва бажари бугей бетIерай врач ГI. МухIамадовалда тIадегIанаб цIар кьей баркулаго жиндирго рахьалдасан «ГIемерсаназул ракI бацIцIадаб ва жиндаго барахщичIеб захIматалъухъ»,-абураб медалги кьуна гьелъие.

Жиндирго иргаялда ГI. МухIамадовалъги баркала загьир гьабуна ГI. НурмухIамадовасе гьелъул хIалтIул гьабураб къиматалъухъ, бицана кин ГI. НурмухIамадовас (COVID – I9) тIибитIараб заманалда кинабго ишалъулъ, ай лъугьунебщиналда гьорлъ вукIун гьабураб кумекалъухъ. Гьес ралагьанин дараби, чIезабунин СИЗ ва цогидабги хIажатаб, кидаго аскIов чIанин. ГI. МухIамадовалъ Баркалаялъул кагъат кьуна ГI. НурмухIамадовасухъе унтуда данде гIуцIараб хIалтIи гьабизе кумек гьабуралъухъ, щивав унтарасул тIалаб гьабизе аскIов чIаралъухъ.

Тадбир лъугIана медиказе кIудияб рохелги кьун. Баркала, хирияй ГI. МухIамадова ва больницаялъул коллектив, гIаданлъиялъулаб асар чорхолъа ине течIого кинабго бачаралъухъ ва къо хIехьаралъухъ!

# Унтаразул баркалаби

Дун ккола ГьаракIуни росулъа Абакарова Муъминат. Ахирияб заманаялда тIибитIараб унтиялъ унтун дун Унсоколо больницаялде йосана носилькаялда лъун. ЗахIматго йигеб мехалъ аскIор чIана бетIерай врач ГI. МухIамадова, врачал, медсестраби. Гьезул хехал тадбираз дун лъабабилеб къоялъго рукIариде ячIана.

Гьанже дида кIола гьеб Унсоколо гIадаб лъикIаб больница кибниги гьечIин абизе, гьаруна дарабиги, чIана аскIорги, букIана тIагIамаб квенги, хIалхьизегIан чIезабун букIана гьениб хIажатабщинаб.

Баркала, хириял нужее, тIадаб ишалдехун бугеб балагьиялъухъ, ракI унтараб хъулухъалъухъ, къокъго абуни гIаданлъиялъухъ!

* * *

Дун ккола Генуб росулъа МухIамадова ГIаят, унтун больницаялде дун ячана 20 маялда. Хехго ва хIасил кьолел дараби гьаруна дие больницаялда, гьелъ хехго мадаралдеги ячIана.

Берцинго хIалтIи бачунел, хIеренал, ракI лъикIал гIадамал ругоан ансал, азарго баркала, нужее, Аллагьги Аваргги разилъун ратаги нужедаса!

* * *

Дун ккола Генуб росулъа Умайрат Зияудинова, I3 маялъ ячIана дун Унсоколо больницаялде эбелги унтун. Гьелъул букIана кIиябго рахъалъулаб пневмония, гIезегIан захIматго йикIана гьей ва чIезабун букIана хасаб палата. Эбелалъе больницаялъул жавабияз цIакъ тIадчIараб сахгьари гIуцIана. Гьедин хехго сахлъизеги сахлъана гьей.

Дие баркала загьир гьабизе бокьун буго гьединаб хIасил кьолеб къагIидаялъ хIалтIи гIуцIарай больницаялъул бетIерай врач ГI. МухIамадовалъе, врачазе, сестрабазе, кинабго персоналалъе. Чорхое сахлъиги, халатаб гIумроги, гьабулебщиналъе битIккейги гьарула, нужее! Аллагьас лъикIабщинаб щун рохизареги нуж! Рази йиго дун нужеца гьабураб сах гьариялдаса, рацIа-ракъалъиялдаса. Хадубккунги гьедин лъикI хIалтIизе къуват кьеги нужее!

* * *

Пневмониягун дун больницаялде ячана 22 маялъ. Азарго баркала цIар-цIарккун рехсечIониги нужер щивасе. Бахунеб унти бугониги къойил балагьизеги рачIана, дарабиги гьаруна. Гьединаб лъикIаб бербалагьи унтараздехун гьабулеб цониги больница дида бихьичIо. ЛъикIабщинаб гьарула, нужее!

**Марьям ХIАМЗАТОВА**
**Унсоколо росу**

* * *

Дун ккола ГIашилтIаса Дарбишева ГIайшат. Кинабго кIочон унтарасе хъулухъ гьабулеб нужер коллективалъе азарго баркала, Аллагьас щивасул рекIел мурадал тIурайги!

* * *

Дун ккола Унсоколоса МухIамадгIалиев Шамил. РакI-ракIалъулаб баркала кьезе бокьун буго гIужилго пандемиялъул заманалда хIалтIи гIуцIарал бетIерай врач ГI. МухIамадовалъе ва тIолабго коллективалъе. Москвалдаса рачIарал тохтурзабиги рачIана гьез диде рачун. Хъулухъги гьабуна тIасияб рахъалъ. Дун вохарав вуго гьединаб больница районалда букIиналдаса!

**Больницаялда бугеб хъвай-хъвагIаязул тIехьалдасан хIадур гьабуна УмахIабият ГIАБДУЛАЕВАЛЪ.**

# Кумек гьабуразе - баркала

Лъалеб букIахъе нилъер районалдаги киса-кибего гIадин захIматаб хIал букIана коронавирус унти тIибитIиялъул хIасилалда. КигIанго гьеб тIаде щвезе бегьулареблъиги бичIчIун цебеккунго лъикIаб хIадурлъи гьабун букIаниги рекIараб цIа гIадин росабалъе унти пархун иналъ, хIажатаб техника, дараби ва дезинфекциялъул жал гIоларого захIматаб хIалалде ккечIого хутIичIо медикал. Гьединаб заманаялда районалъул больницаялъе цIикIкIараб кумек гьабуна республикаялъул «Инсан» фондалъ, «Русгидроялъ», М. Гендиевас, районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас, Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадовас.

Кумекал гьаруна росабазго. 350 азарго гъурущ бакIарун хIажатаб босизе бачIана Унсоколо росдал жамагIаталъ. Гьединго бакIарун гIарац кьуна Генуб, Майданское ва цо-цо цогидал росабазги.

(Ахир 4 гъумералда)

# Кумек гъабуразе - баркала

Дагъал ккечIо къваридал къояз жидерго нахъе цIунараб буголъи босун рачIаралги гIадамал. Унсоколо росулъа Магьдиева ПатIиматица хIежалде ине тараб гIарцудаса бутIа бахъун бачIана лъабго кислород концентратор босизе гIарац, гIезегIан рукIана 10-I5-20 азарго гъурущ босун больницаялде кумекалъе рачIарал. Щвараб кумекалде росарал дараби рикьана росабалъеги.

ГIадамаз ва жамагIатаз садакъаде квенал гьарун бачIунеб букIана щибаб къойилго. Гьеб щвезабун батулаан больницаялъул кIалтIа бугеб охранаялде. Азарго баркала буго нилъеде бачIараб къварилъи бигьалъиялъе ракI унтун кумек гьабуразе! Гьездаго цадахъ баркала буго волонтерал П. ХIамзатовалъе ва П. МухIамадовалъе. Аллагьас гьел хIалимал ракIал даимго кIутIаги нужер каранда, балагьаздаса, квешабщиналдаса цIунун хутIаги нуж, щивасул гьабурабщинаб садакъа къабул гьабун батаги!

**Больницаялъул коллектив**

# ЕГЭ кьолел пунктазда

29 июналда социалиял сулазул рахъалъ бетIерасул зам. ГI-М. МухIамадов щвана Шамильхъалаялъул гьоркьохъеб школалде. Гьениб районалъул школазул директоразул данделъи гьабуна гьес. Бицана пачалихъиял экзаменал кьеялъе гьабизе кколеб хIадурлъиялъул.

РакIалде щвезабизин, I8, 25, 29 июналда районалда выпускникалги гьечIого гьабуна цогояб пачалихъияб экзамен кьеялъул хIалбихьи. ХIалбихьиялъул экзаменазул мурад букIана гIуцIиялъулабгун технологиялъул рахъалъ пунктазда бугеб хIадурлъи букIин, гьеб гьабулел специалистазул инструктаж гьабиги унаан гьелда гьоркьобе.

Экзаменал кьолел пунктазда аслияб тIадчIей гьабуна эпидемиологиялъул рахъалъ цIодорлъиялда, бицана помещениял рацIцIад чIезариялъул, гьенир дезинфекция гьабиялъул, гьоркьоб цоцада хъвалареб термометрия букIинабиялъул, антисептикиял ва гьава бацIцIад гьабиялъул жал хIалтIизариялъул.

РакIалде щвезабизин, гьаб соналда ЕГЭ кьезе буго тIадегIанал цIалул заведениязде цIализе ине ругел выпускниказ. ЕГЭялъул рахъалъ специалист ГI. МухIамадгIалиевас бицухъе, цогояб пачалихъияб экзаменалъул апробация ана цIодорлъиялъул киналго рахъалги хIисабалде росун, гъалатI гьечIого (ТЭКалъул) жаваб кьолезул бадибчIвай гьечIого. Гьел ккола МахIачхъалаялдаса СайгидахIмад Дайтмирзаев ва Саида Сулейманова.

# Пачалихъалъул кумек

Россиялъул ХIукуматалъ хIадурун буго коронавирусалъул пандемия сабаблъун ккараб экономикаялъул зарал дагь гьабизелъун план. Гьелдаго рекъон кумек щвезе буго гьал хадусел тайпабазул гражданаз:

- Коронавирусалъ унтарал сах гьарулел ругел медиказе харжалда тIадеги кьезе буго гIарац. Врачазе – 80000 гъурущ, медсестрабазе – 50000, гьитIинаб медперсоналалъе – 23000.
- Лъимал ругел хъизамал. Эбелалъулаб капитал щвезе ихтияр бугел 3 сониде рахинчIел лъимал ругел лъабго моцIалъ кьезе буго тIадеги пособие – 5000 гъурущ, 3-7 сонил лъимал ругезе гьеб пособие кьезе буго моцIалъ цебеккун.
- Ветеранал ва тылалъул захIматчагIи БергьенлъиялЪул 75 сон тIубаялде гьезие кьезе буго 75000 ва 50000 гъурущ. Гьеб щвезе буго I миллионалдаса цIикIкIун чиясе;
- Коронавирусалъ унтарал сах гьарулел врачал, медсестраби ва хехаб кумекалъул хIалтIухъаби. Щибаб моцIалъ гьезие тIадеги кьезе буго 80000 гъурущ;
- I2I30 гъурщиде щвезегIан цIикIкIине буго больничниялъул гIарцул бищун дагьаб къадар;
- ТIаде кьезе кколел справкаби кьечIониги ва нилъго хадур рахъине ккечIого цоги бащдаб лъагIелалъ халат бахъине буго социалиял пособиял кьей ва льготаби;
- ХIалтIи гьечIого хутIаразе кьолеб пособиялъул бищун цIикIкIараб къадар цIикIкIине буго кьезе жеги 50%.
- МРОТалде щвезегIан (I2I30 гъ.). I марталдаса хадуб хIалтIи гьечIого хутIаразе апрель, май ва июнь моцIазда кьезе буго пособиялъул бищун цIикIкIараб къадар;
- Эбел-эмен хIалтIи гьечIого хутIарал хъизамазе 3 моцIалъ тIадеги пособие кьезе буго – 3-7 сонал ругел лъимер рикIкIун 3000 гъурущ;

30% доходал дагьлъаразе 6 моцIалде щвезегIан ипотекаялъул ва потребительская кредиталъул каникулал кьезе руго. Гьеб болжалалда жаниб гьукъун буго заемщиказда тIад гIакIаби, пенсияби къотIизе, неустойкаби рахъизе ва заман щвелалдего кредит бецIи тIалаб гьабизе.

# Информация для предпринимателей!

Агентство по предпринимательству и инвестициям Республики Дагестан в соответствии с протокольным поручением Главы РД (Протокол заседания Оперативного штаба по обеспечению устойчивого развития экономики и социальной стабильности в РД в условиях распространения новой коронавирусной инфекции от 16 июня 2020 года №11/1-9/11) представляет информационные видеоролики с рекомендациями по соблюдению санитарно-эпидемиологических требований в условиях распространения новой коронавирусной инфекции для субъектов малого и среднего предпринимательства, занятых в сфере непродовольственной торговли, а также салонов красоты и парикмахерских.

Активные ссылки для просмотра и скачивания видеороликов.

1. Непродовольственные товары: https://cloud.mail.ru/public/2uwS/4GJVYhhwF
2. Салоны красоты, парикмахерские: https://cloud.mail.ru/public/2SfP/wenMVrpja

# «Соблюдение требований пожарной безопасности при проведении выборов»

(Памятка о соблюдении требований пожарной безопасности на избирательных участках в период проведения выборов)

**Памятка о соблюдении требований пожарной безопасности на избирательных участках в период проведения выборов Помещения, не эксплуатируемые в период размещения в здании избирательного участка, следует держать закрытыми на замки, ключи от которых должны находиться у дежурного персонала.**

**Проведение огневых и других пожароопасных работ в помещениях здания при проведении выборов не допускается.**

**Размещение в помещениях избирательного участка мебели, урн и кабин для голосования и т.п. следует осуществлять таким образом, чтобы обеспечивался свободный проход к эвакуационному выходу, имеющий ширину не менее 1,0 м. До начала работы избирательной комиссии средства противопожарной защиты (установки пожарной сигнализации, системы оповещения, водоснабжения) должны быть проверены, находиться в постоянной готовности к действию.**

**Помещения, задействованные для проведения выборов, должны быть обеспечены первичными средствами пожаротушения (огнетушителями) не менее двух штук. В помещении дежурного персонала, находящегося в здании, должен находиться запас огнетушителей. Первичные средства пожаротушения должны содержаться в соответствии с паспортными данными на них. Не допускается использование средств пожаротушения, не имеющих соответствующих сертификатов.**

**На случай отключения электроэнергии у членов избирательной комиссии должны быть электрические фонари. Монтаж и эксплуатация электрических сетей в помещениях избирательного участка, а также контроль за их техническим состоянием необходимо осуществлять в соответствии с требованиями нормативных документов по электроэнергетике.**

**При эксплуатации действующих электроустановок запрещается:**

**использовать неисправное электрооборудование, провода и кабели с поврежденной изоляцией;**

**пользоваться поврежденными розетками;**

**пользоваться электронагревательными приборами без устройств тепловойзащиты и подставок из негорючих материалов.**

**В помещениях, в которых размещен избирательный участок, запрещается:**

**хранить легковоспламеняющиеся и горючие жидкости; загромождать проходы и выходы;**

**использовать для освещения керосиновые лампы и свечи; курить.**

**Каждый гражданин при обнаружении пожара или признаков горения (задымление, запах гари, повышения температуры и т.п.) должен:**

**незамедлительно сообщить об этом по телефону 01, 101, 112 в пожарную охрану (при этом необходимо назвать адрес объекта, место возникновения пожара, а также сообщить свою фамилию);**

**принять по возможности меры по эвакуации людей, тушению пожара, сохранности материальных ценностей.**

**ЛЪАЗАБИ**

Шамильхъалаялъул гIаммаб лъай кьеялъул школалъ 2003 соналъул 26 июналда МухIамадов Шамил МухIамадовичасул цIаралда кьураб, № Б 03282II бугеб аттестат тIагIун буго.

Жакъа къоялдаса нахъе гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна


| Газета основана 1937 г.<br>УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района<br>Главный редактор<br>КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД<br>Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.<br>Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции:<br>51373<br>Унцукульский район<br>п. Шамилькала<br>ул. М. Дахадаева 3<br>Телефон редактора<br>89896522856<br>sadovoduns@yandex.ru<br>398940 | Адрес издателя и типографии<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br>Подписано в печать - 29. 06. 20 г. 15. 10<br>фактически -16:20 мин.<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 1000 экз. |
|---|---|---|---|